

**Appendix G**  
CONTINUED ENTITLEMENT LETTER

Chè Paran oswa Gadyen legal :

Prentan sa a yo te bay pitit ou a, \_\_\_\_\_, Egzamen Leta Nouyòk bay pou evalye elèv k ap aprann angle kòm dezyèm lang *New York State English as a Second Language Achievement Test* (NYSESLAT) pou detèminen konpetans li nan lang angle. Dapre rezilta tèz yo, pitit ou a toujou kalifye pou resevwa èd pou ogmante konesans li nan lang angle nan klas pou Moun k ap aprann lang angle *English Language Learners* (ELLs).

Poutèt rechèch pwouve ke elèv ki rete nan menm pwogram la, soti yon ane ale nan yon lòt, gen tandans pou fè tèz modèl matematik ak angle vil ak leta yo pi byen, epi yo gen plis siksè nan lekòl pase sa yo ki pase nan diferan pwogram, pitit ou a pral rete nan pwogram ELL li ye kounye a. [Si pwogram la se yon pwogram edikasyon bileng pwovizwa *Transitional Bilingual Education* (TBE), li pral rete nan pwogram sa a toutotan gen ase elèv pou kenbe kalite pwogram sa a].

Si w ta vle chanje pwogram pitit ou a ye kounye a, oswa si w ta vle mande kèk kesyon, tanpri telefone, \_\_\_\_\_ nan \_\_\_\_\_. Sa fè m plezi anpil ede pitit ou a kontinye devlope konesans li nan angle.

Ak senserite,

\_\_\_\_\_